



# The Commonwealth of Massachusetts

## DEPARTMENT OF PUBLIC UTILITIES

This is an important notice. Please have it translated. Este é um aviso importante. Quiera mandá-lo traduzir. Este es un aviso importante. Sirvase mandarlo traducir. Questa è un'informazione importante, si prega di tradurla. 此为重要通知。请加以翻译。 Đây là một thông báo quan trọng. Xin hãy dịch nó. Sa a se yon avi enpòtan. Tanpri fè li tradui.

### AVI SOU DEPO AK ODYANS PIBLIK

D.P.U. 20-80

23 mas 2022

Investigasyon Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Utilities, DPU) la nan pwòp inisyativ li sou wòl konpayi distribisyon lokal gaz yo pandan Commonwealth la ap atenn objektif klimatik 2050 li vize yo.

Nan 29 oktòb 2020, Depatman Sèvis Piblik (“Depatman”) la te vote pou ouvri yon investigasyon sou règleman potansyèl yo ki pral pèmèt Commonwealth la atenn objektif sou emisyon gaz a efè de sè li yo ki se nèt-zewo dis 2050 epi wòl konpayi distribisyon lokal gaz Massachusetts (“LDC”) pou atenn objektif sa. Investigasyon Depatman Sèvis Piblik la nan pwòp inisyativ li sou wòl konpayi distribisyon lokal gaz yo pandan Commonwealth la ap atenn objektif klimatik 2050 li vize yo, D.P.U. 20-80, Vote ak Òdone Ouvèti Investigasyon nan 7 (29 oktòb 2020) (“Òdonans”). Depatman an te anrejistre zafè sa kòm D.P.U. 20-80.

Nan Òdonans li, Depatman an te mande LDC pou kòmanse yon demann konjwont pou pwopozisyon (“RFP”) pou yon konsiltan endepandan reyalize yon etid ak prepare yon rapò (“Rapò”) nan paramèt yo ki diskite nan Òdonans lan. Òdonans nan 4. Rapò ki dekoule de sa se pou enfòm ak sipòte pwopozisyon apa ki soti nan chak LDC ki gen ladan rekòmandasyon ak plan LDC pou ede Commonwealth la atenn objektif (“Pwopozisyon”) klimatik 2050 li yo. Òdonans nan 6. Nan 18 mas 2022, LDC te soumèt Rapò ak Pwopozisyon yo.

**Akòz kèk mezi sekirite ak prekosyon ki gen rapò ak evènman an pèsòn yo akòz pandemi COVID-19 la, Depatman an pral reyalize de(2) odyans piblik vityèl pou resevwa kòmantè sou Rapò ak Pwopozisyon yo.** Depatman an pral reyalize de odyans piblik apati videyokonferans sou Zoom:

- **Madi 3 me 2022, ap kòmanse nan 7:00 p.m.**
- **Jedi 5 me 2022, ap kòmanse nan 2:00 p.m.**

Patisipan yo kapab patisipe nan odyans 3 me 2022 a nan 7:00 pm apati lyen an,

<https://us06web.zoom.us/j/82975717590>, ak odyans 5 me 2022 a nan 2:00 p.m. apati lyen an, <https://us06web.zoom.us/j/87436932048>, apati yon òdinatè, telefòn entèlijan oswa tablèt. Li pa nesèsè pou telechaje yon lojisyèl anvan. Pou jwenn aksè nan odyans yo apati odyo sèlman, patisipan yo kapab rele nan nenpòt nan odyans yo nan **(646) 558-8656 oswa (301) 715-8592 (se pa yon liy gratis)** epi antre # **ID Reyinyon 829 7571 7590 pou odyans 3 me 2022 a epi # ID Reyinyon 874 3693 2048 pou odyans 5 me 2022 a**. Si ou prevwa fè kòmantè atravè Zoom pandan nenpòt odyans piblik la, voye yon imèl jiska **lendi 2 me 2022**, bay [sarah.smegal@mass.gov](mailto:sarah.smegal@mass.gov) avèk non, adrès imèl, adrès postal ou ak dat odyans lan. Si ou prevwa kòmante nan telefòn, kite on mesaj vokal jiska **lendi 2 me 2022**, nan (617) 305-3653 avèk non, nimewo telefòn, adrès postal ou ak dat odyans lan.

Lè w ap itilize platfòm Zoom lan, w ap kapab tande odyans lan ak fè kòmantè nan lang Angle, Panyòl, Chinwa, Kreyòl Ayisyen ak Vyetnamyen. Pou jwenn aksè ak sèvis entèpretasyon atravè Zoom pandan odyans lan, klike sou bouton “Entèpretasyon” an nan meni ki anba ekran aplikasyon Zoom lan epi chwazi lang ou (sa vle di, Angle, Panyòl, Pòtigè, Chinwa, Kreyòl Ayisyen oswa Vyetnamyen).

Kòm opsyon, nenpòt moun ki enterese kòmante sou Rapò ak/oswa Pwopozisyon LDC yo ka soumèt kòmantè alekri bay Depatman an pa pita pase lè fèmte biznis (5:00 p.m.) nan **vandredi 6 me 2022**. Nan mezi yon moun oswa antite vle soumèt kòmantè konfòmeman avèk Avi sa, soumisyon elektwonik, jan sa detaye anba a, sifi. Depatman an pral konsidere tout kòmantè yo soumèt yo, men espesyalman kòmantè ki konsantre sou sa yo: (1) chemen devlope ki endike nan Rapò final konsiltan yo ansanm avèk sipozisyon ak analiz kache nan Rapò final konsiltan yo ak Pwopozisyon espesifik LDC yo; (2) estrikti règlemantè ki nesèsè pou sipòte tranzisyon ekitab ak sekirite pou emisyon gaz a efè de sè nèt-zewo disi 2050; epi (3) chanjman imedyat ke LDC ta ka aplike pou atenn dekarbonizasyon.

Nan moman sa a, tout depo yo ap soumèt bay Depatman an sèlman sou fòm elektwonik, konfòmeman ak memorandòm 15 jen 2021 Depatman an ki abòde egzijans depo modifye kontinyèl yo. Jiska nou vèl lòd, pati yo dwe kenbe vèsyon papye orijinal depo a epi Depatman an ap detèmine nan pita lè yo dwe depoze vèsyon papye a bay Sekretè Depatman an.

Tout kòmantè yo dwe soumèt bay Depatman an nan **fòm .pdf** atravè pyès jwent nan imèl bay [dpu.efiling@mass.gov](mailto:dpu.efiling@mass.gov) ak [sarah.smegal@mass.gov](mailto:sarah.smegal@mass.gov). Anplis de sa, tout kòmantè yo dwe soumèt atravè imèl bay avoka LDC yo konsa:

Pou Boston Gas Company d/b/a National Grid:

Alexandra Blackmore, Esq.  
 Andrea Keefe, Esq.  
 Bess Gorman, Esq.  
 National Grid  
[alexandra.blackmore@us.ngrid.com](mailto:alexandra.blackmore@us.ngrid.com)  
[andrea.keefe@nationalgrid.com](mailto:andrea.keefe@nationalgrid.com)  
[bess.gorman@nationalgrid.com](mailto:bess.gorman@nationalgrid.com)  
 -ak-

John K. Habib, Esq.  
 Ashley S. Wagner, Esq.  
 Keegan Werlin, LLP  
[jhabib@keeganwerlin.com](mailto:jhabib@keeganwerlin.com)  
[awagner@keeganwerlin.com](mailto:awagner@keeganwerlin.com)

Pou Fitchburg Gas and Electric Light Company d/b/a Unitil:

Patrick Taylor, Esq.  
 Matthew Campbell, Esq.  
 Unitil Service Corp  
[taylorp@unitil.com](mailto:taylorp@unitil.com)  
[campbellm@unitil.com](mailto:campbellm@unitil.com)

Pou Liberty Utilities (New England Natural Gas Company) Corp. d/b/a Liberty Utilities:

Ronald J. Ritchie, Esq.  
 Liberty Utilities  
[r.j.ritchie@libertyutilities.com](mailto:r.j.ritchie@libertyutilities.com)  
 -ak-  
 Kevin F. Penders, Esq.  
 Keegan Werlin LLP  
[kpenders@keeganwerlin.com](mailto:kpenders@keeganwerlin.com)

Pou Berkshire Gas Company:

Daniel P. Venora, Esq.  
 Keegan Werlin LLP  
[dvenora@keeganwerlin.com](mailto:dvenora@keeganwerlin.com)

Pou NSTAR Gas Company and Eversource Gas of Massachusetts d/b/a Eversource Energy:

Danielle Winter, Esq.  
 Keegan Werlin LLP  
[dwinter@keeganwerlin.com](mailto:dwinter@keeganwerlin.com)

Tèks imèl la dwe prezise: (1) nimewo anrejistreman pwosè a (D.P.U. 20-80); (2) non moun oswa konpayi k ap soumèt depo a; epi (3) yon deskripsyon kout tit dokiman an. Non fichye elektwonik la dwe idantifye dokiman an men pa dwe depase 50 karaktè nan longè li. Lòt pwèn enpòtan, tout gwo fichye yo dwe divize an fichye elektwonik ki **pa depase 20 MB**.

Nan moman sa, yon kopi papyè Rapò ak Pwopozisyon yo p ap disponib pou piblik la wè nan biwo LDC yo oswa Depatman an. Depo ak lòt dokiman ki soumèt sou fòm elektwonik yo ap afiche osito sa posib sou sitwèb Depatman an atravè Sal Fichye sou entènèt nou an nan: <https://eeaonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom/dockets/bynumber> (antre “20-80”).

Aranjman nan odyans piblik yo pou moun ki gen andikap disponib sou demann. Kontakte Kowòdonatè ADA Depatman an nan [DPUADACoordinator@mass.gov](mailto:DPUADACoordinator@mass.gov). Ajoute yon deskripsyon aranjman w ap bezwen an, epi ajoute tout detay ou kapab. Epitou ajoute yon mwayen pou Depatman an kontakte ou si nou bezwen plis enfòmasyon. Bay ase avi davans nan mezi posib. N ap aksepte demann nan dènye minit yo men sa ka rive yo pa jwenn aranjman. Pou mande

materyèl yo nan fòm ki aksesib pou moun ki gen andikap yo (Bray, gwo karaktè, fichye elektwonik, fòm odyo) kontakte Kowòdonatè ADA Depatman an nan [DPUADACoordinator@mass.gov](mailto:DPUADACoordinator@mass.gov).

Nenpòt moun ki bezwen plis enfòmasyon konsènan Rapò ak Pwopozisyon yo dwe kontakte konseye pou LDC a jan sa endike anwo a. Nenpòt moun ki vle plis enfòmasyon konsènan avi sa dwe kontakte Sarah A. Smegal, Ofisye Odyans, Depatman Sèvis Piblik la, nan [sarah.smegal@mass.gov](mailto:sarah.smegal@mass.gov).